# ÁJINIYAZ SHIǴARMALARIN OQITIWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANIWDIŃ NÁTIYJELILIGI

*Nókis qalası MSh hám MBBne qaraslı*

*25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı* ***Mnajova Nurlixan Abdijalalovna***

**Annotaciya**

Qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń belgili wákili Ájiniyaz dóretiwshiligi menen oqıwshılardı tanıstırıwda interaktiv metodlardan paydalanıw, shayır dóretiwshiliginiń ózinsheliklerin úyreniwde didaktikalıq shınıǵıwlardıń áhmiyeti, shayır dóretpeleri menen oqıwshılardı tárbiyalaw, pánlerara integraciya máseleleri metodikalıq usınısımızda baslı orında turadı.

**Gilt sózler:** Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ómiri hám dóretiwshiligi, ádebiyattıń tálim tárbiyadaǵı ornı, interaktiv metodlar, didaktikalıq shınıǵıwlar, pánlerarasındaǵı ózara baylanıs.

**Annotation:**

This methodological recommendation focuses on the use of interactive methods in introducing students to the creativity of Ájiniyaz, a prominent representative of Karakalpak classical literature. It highlights the importance of didactic exercises in studying the distinctive features of the poet’s works, educating students through his literary heritage, and addressing issues of interdisciplinary integration. These aspects occupy a central place in the proposed methodology.

**Key words:** life and creativity of Ájiniyaz Qosıbay ulı, the role of literature in education and upbringing, interactive methods, didactic exercises, interdisciplinary connections.

**Аннотация:**

В данных методических рекомендациях основное внимание уделяется использованию интерактивных методов при ознакомлении учащихся с творчеством Ажинияза — выдающегося представителя каракалпакской классической литературы. Подчёркивается значение дидактических упражнений в изучении своеобразия поэтического наследия поэта, воспитании учащихся на основе его произведений, а также рассматриваются вопросы межпредметной интеграции. Указанные направления занимают центральное место в предложенной методике.

**Ключевые слова:** жизнь и творчество Ажинияза Косыбай улы, роль литературы в обучении и воспитании, интерактивные методы, дидактические упражнения, межпредметные связи.

**Kirisiw**

Qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń belgili wákili Ájiniyaz Qosıbay ulınıń hárbir shıǵarması xalıq júreginen tereń orın ala alǵan dóretpe bolıp esaplanadı. Olardıń hárbirinde shayırdıń júrek tórinen atılıp shıqqan sezimlerin tereń lirikalıq qatarlar arqalı bayqawımızǵa boladı.

Qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń belgili wákili Ziywar dóretpelerin oqıtıwda qollanılatuǵın metodlar hám de didaktikalıq shınıǵıwlar arqalı biz sabaqtıń mazmunlı ótiwine erisiwimiz, sonıń menen birge oqıwshılardıń ádebiyatqa, ásirese, shayır dóretiwshiligine degen qızıǵıwshılıqtı oyatıwımız múmkin. Sebebi hárbir pedagogtıń sabaq ótiwdegi baslı maqseti oqıwshılardıń bilim dárejesin asırıw hám de olardıń oylaw dárejesin keńeytiwden ibárat. Oqıwshılar sabaqlarda úyrengen bilimleri arqalı turmıstıń qálegen tarawında ózin biylep, tanıs emes orınlarda óz úyrengen bilimlerin paydalana alıwı kerek. Biz jas áwladqa tek ǵana tema ótip qoymastan, olardıń ómirin ózgertetuǵın jańalıqlar menen sabaqqa kiriwimiz, hárbir sabaqqa belsendilik penen qatnas jasawımız, tayarlıq hám de juwapkershilik penen sabaqqa kiriwimiz kerek boladı. Mine, sonda ǵana tálimde rawajlanıw, ilimde alǵa ilgirelew boladı.

Ájiniyaz shıǵarmaların oqıtıwda “Kim shaqqan” metodınan paydalanıwdıń nátiyjeliligi

Qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń belgili wákili Ájiniyaz Qosıbay ulınıń hárbir shıǵarması óziniń sóz qollanıwdaǵı sheberligi, oqıwshı talǵamınan shıǵa alıwı menen ajıralıp turadı. Shayır dóretpelerin oqıǵan hárbir insannıń qálbinde ádebiyatqa, sóz ónerine degen muhabbat payda boladı, sóz qúdiretiniń qanshelli dárejede kúshli ekenligine isenim payda boladı.

Ájiniyaz dóretplerin úyreniwde “Kim shaqqan” metodınan paydalanıw arqalı oqıwshılar shayır dóretpeleriniń sırlı hám qırlı táreplerin úyreniwi, qosıq qatarlarındaǵı sózlerdiń mánili táreplerin bilip alıwı, shayır dóretpeleri boyınsha kóplegen maǵlıwmatlar alıwı, al pedagoglar oqıwshılardıń bilimin asırıwımız múmkin. Bul, álbette, sabaqtıń da mazmunlı hám de nátiyjeli bolıwı ushın imkan beredi.

Bul metodta klastaǵı oqıwshılardıń sanına qarap olardı bir neshe toparlarǵa bólemiz. Taxta aldındaǵı bos orınlarǵa bir parta qoyamız, ol jerge 5 túrli reńdegi qaǵazlardı qoyamız.



Ortada qaysı reńdegi qaǵaz turǵan bolsa sol jerge MARKER qoyamız. Yaǵnıy marker 3-qaǵazdıń ústinde turadı.

Eki komandadan eki oqıwshı shıǵarıp, partanıń eki jaǵına turıwı kerekligin eskertemiz. Oqıtıwshı qızıl degende qızıl reńdi, jasıl degende jasıl reńdi, sarı degende sarı reńdi, kók degende kók reńdi, aq degendi aq reńdi uslaydı.Marker degende markerdi uslap qalıwı kerek. Usı orında pedagog óz sheberliginen kelip shıǵıp, sabaqtı basqa pánler menen integraciyalaǵan halda reńlerdi inglis tilinde aytsaq boladı.

Muǵallim oqıwshılardı shalǵıtıw maqsetinde reńlerdi bir neshe mártebe aytıwı kerek. Taxtadaǵı oqıwshılar reńli qaǵazlardı uslaw menen bánt waqtında topardaǵı basqa oqıwshılar qarsılas komanda ushın soraw tańlawı kerek boladı.

Markerdi ala almaǵan oqıwshınıń toparına markerdi alǵan oqıwshınıń komandası soraw beredi. Berilgen sorawlardıń hárbiri 2 ball menen, eger sorawlarǵa qarsılas komanda aǵzaları juwap bere almasa +2 ball alıwı múmkin boladı. Yaǵnıy bunda shaqqanlıq, reńlerdiń jaylasıw ornın tuwrı bilip alıw, ziyreklik talap etiledi. Bul arqalı markerdi uslap alǵan oqıwshı óz komandasındaǵı hárbir topar aǵzasına 2 ball yaki 4 ball alıp beriwi múmkin boladı. Bunnan keyin oqıwshılardıń ornı almastırıladı. Eger de bir neshe toparlar bar bolsa, utılǵan komandanıń ornına úshinshi komandadan qatnasıwshı shıǵadı. Sonıń menen sorawlar tabıwda qatnasıwda belsendilikti dawam ettiriw maqsetinde oqıwshılar ortaǵa alma-gezek almastırıladı. Sebebi eń tiykarǵı maqset markerdi kim uslawı emes, bállkim, oqıwshılardıń Ziywar shayır dóretiwshiligi boyınsha bilimlerin ele de keńeytiw, olardıń bilim dárejelerin joqarılatıw bolıp esaplanadı. Bul qollanılıp atırǵan metodtı tákirarlaw sabaqlarında da paydalanıw nátiyjeli bolıwı múmkin. Bul ushın oqıtıwshı endigi sabaqta jáne usı metodtan paydalanamız dese, oqıwshılar jeńimpaz bolıw hám de óz toparına joqarı ball alıp beriw maqsetinde sabaqqa qunt penen tayarlanadı, keyingi sabaqtıń bolıwın asıǵıslıq penen kútip júredi.

Ájiniyaz dóretiwshiligin oqıtıwda “Dıqqattı jámle” hám de “Kim ziyrek” shınıǵıwlarınan paydalanıw

Bul metodtıń shártin orınlaw ushın klass oqıwshıların bir neshe toparlarǵa bólemiz. Olarǵa tómendegi kórinistegi tarqatpa materiallar beremiz. Toparlarǵa tapsırmalar hár túrli kóriniste boladı. Máselen, birinshi toparǵa Ájiniyaz dóretiwshiligi boyınsha tapsırma berilse, ekinshi toparǵa Qazaqstan dalalarındaǵı ómiri haqqında, úshinshi toparǵa bolsa shayırdıń lirikalıq qosıqlarına tallaw jasaw tapsırması beriliwi múmkin boladı.Bul metodtıń “Dıqqattı jámle” dep atalawınıń sebebi sonnan ibarat, oqıwshılar ózlerine berilgen tapsırma tiykarında Ájiniyaz dóretiwshiligi boyınsha úyrengen maǵlıwmatların

qayta esine túsiriwi, bilimleri ústinde ele de tereńirek islep dıqqatın jámlep alıwı kerek boladı.



Bul keltirilgen qaǵazda neshe bos ketekshe bolsa, oqıwshılar toparı menen oylasqan halda bos orınlarǵa tolıq maǵlıwmat jaza alsa ǵana ball toplawı múmkin boladı. Bunda waqıt belgilenedi. Waqıttı qum saat járdeminde anıqlawdı ámeliyatta sınap kórgenimizde bul oqıwshılarda ayrıqsha qızıǵıwshılıqtı júzege keltirdi. Sonday-aq waqıttı belgilew ushın Ájiniyaz Qosıbay ulı dóretpelerinen muzıka jazılǵan namalı qosıqlardı qoyıp qoyıwımız múmkin boladı. Bunda oqıwshılar hám qosıq tıńlaydı, hám shayır dóretpeleriniń xalıq júreginde máńgi saqlanatuǵınlıǵın júrekten sezinedi. Bul Ájiniyaz dóretiwshiligine degen qızıǵıwshılıqtı ele de asıradı, jáne qaysı qosıqları búgin nama qosıqlarına aylanǵan degen qızıǵıwshılıq penen izlestirip, úyrenip barıwı da múmkin.

“Shójeni gúzde sanaymız” shınıǵıwı

Bul naqıl nátiyjege baǵdarlanǵan tálim sistemasına anıq qollanılatuǵın danalıq gáp esaplanadı. Búgin biz jasap turǵan jámiyette tálim hám tárbiyada nátiyjege erisiw máselesi eń tiykarǵı maqset bolıp esaplanadı. Sol ushın da jaslar ózleri iyelep atırǵan bilimleri

nátiyjesin ómirde erisken jetiskenlikleri hám de jámiyetke tiygiziwi múmkin bolǵan paydası menen dálillep beriwleri kerek boladı.





Hárbir úyretilip atırǵan teoriyalıq hám de ámeliy bilimler óz náwbetinde ómirdiń qaysı bir tarawında olar ushın paydasın tiygizetuǵının oqıwshılarǵa túsindiriwimiz kerek boladı.

Bul shınıǵıwdıń shártin orınlaw ushın oqıtıwshı tarelkada toparlar hám de olardaǵı oqıwshılardıń sanınan kelip shıǵıp máyek, sonday-aq tereńirek tarelkalar da alıp keliwi kerek boladı. Oqıwshılar izbe-iz túrde máyekti saylap aladı hám de tereńirek tarelkalarǵa shaǵıp kóredi, eger de qaysı qatnasıwshıǵa pisken máyek tússe sol oqıwshıǵa balı pás dárejedegi qıyın soraw, al pispegen qam máyek tússe qıyınlıq dárejedegi balı joqarı bolǵan sorawlar, al shala pisken máyek tússe ańsat hám balı joqarı dárejedegi sorawlar beriledi.

Bul qıyın nárse bolıwı múmkin, lekin eger de oqıwshılar joqarı ball alıwdı qálese bunıń ilajın, álbette tabıwı kerek boladı.

Bunda oqıwshılarǵa oqıtıwshı pisken, shala pisken hám de pispegen máyeklerdiń insan organizmi ushın paydalı tárepleri haqqında maǵlıwmatlar beriwi kerek. Máyeklerdiń insan organizmi, olardıń densawlıq ushın qanday dárejede paydası bar ekenligin videorolik járdeminde kórsetiw sabaqtıń ele de qızıqlı hám mazmunlı bolıwı ushın járdem beredi.

**Juwmaq**

Juwmaq Qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń belgili wákili Ájiniyaz Qosıbay ulı dóretiwshiligin ulıwma bilim beriw mekteplerinde ele de tereńirek oqıtıw máselesi ayrıqsha dıqqatqa ılayıq. Házirgi kúnde mektep sabaqlıqlarında ádebiyat páni oqıw baǵdarlamalarında Ájiniyaz dóretiwshiligine bir neshe sabaqlar ajıratılǵanlıǵı málim. Biz

bul metodikalıq usınısımızda paydalanılǵan metodlardı joqarı klass oqıwshıları menen birge 5-klass oqıwshılarına da teńdey baǵdarda paydalanıw imkaniyatı bar.

Shayır dóretiwshiligi kóp qırlılıǵı, sóz qollanıwdaǵı sheberligi, temasınıń hár túrliligi menen hár tárepleme ajıralıp turadı. Bulardıń barlıǵı sabaq barısında oqıtıwshılardıń hár túrli mazmundaǵı metodlar hám de didaktikalıq shınıǵıwlardan ele de tereńirek paydalanıwına imkan beredi. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, ádebiyat kóp qırlı, sonday-aq sırlı pán bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń ájayıp bir bólegi esaplanǵan Ájiniyaz dóretiwshiligi misli tereń teńiz, onda qırda júrgen jolawshılar ushın kóplegen sırlardıń, mısalı gáwharǵa teń sózlerdiń, altınǵa teń násiyatlardıń bar ekenligi málim. Mine, usınday sırlardan xabardar bolıw, teńsiz baylıqqa iyelik etiw ushın oqıtıwshılar oqıwshılarǵa imkaniyatlar esigin ashıp beriwi kerek. Bunday esiklerdiń qulpın ashıwshı gilt, álbette, bilim dep ataladı. Bul bilimler bolsa biz pedagoglar tárepinen sabaq barısında paydalanılatuǵın metodlar járdeminde ele de tereńlesedi, ele de óziniń paydasınıń joqarılawına imkan beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Pedagogika. Inayatov U.I, Muslimov.N.A, Ruzieva.D.I, Usmonboyeva.M.H. Toshkent, 2013
2. Ózbekstan Respublikasınıń “Tálim haqqındaǵı” nızamı. Ózbekstan Respublikası nızam hújjetleri toplamı, 2020-jıl, 23-sentyabr
3. Pedagogika nazariyasi va tarixi. Mirzayeva.F.O. Toshkent, 2023
4. Palımbetov K., Qadirimbetova S., Niyetova R., Nurseytov D. Ádebiyat: uliwma orta bilim beriw mekteleriniń 8-klası ushın sabaqlıq. — Jańa basılım. — Tashkent: G‘afur G‘ulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2025.